



Pou Piblikasyon Imedya: 06/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SELEBRE GRAN OUVÈTI LABORATWA MEKATWONIK  
DUTCHESS COMMUNITY COLLEGE KI KOUTE 3 MILYON DOLA POU  
DEVLOPMAN MENDÈV NAN ENDISTRI FABRIKASYON AVANSE A**

*Premye laboratwa mekatwonik nan rejyon an pral bay aprantisaj pratik ki konsantre sou devlopman konpetans teknik ki gen demand yo*

*Premyè dam Jill Biden vizite gran ouvèti a pou lanse [Mwa Fabrikasyon Nasyonal la](#)*

*Foto gran ouvèti a disponib [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te selebre jodi a gran ouvèti Laboratwa Mekatwonik modèn 3 milyon dola ki sitiye nan Sant Ekselans pou Endistri & Inovasyon (The Center of Excellence for Industry & Innovation) nan Kolèj Komiotè Dutchess (Dutchess Community College, DCC) nan Vil Fishkill. Sitiye nan nouvo Sant Ekselans pou Endistri & Inovasyon kolèj la, ak premye laboratwa mekatwonik nan Rejyon Mid-Hudson lan, laboratwa a gen twa chanm ke yo etabli kòm yon laboratwa Mekanik, yon laboratwa Elektrik/Otomatik ak yon laboratwa Chofaj, Vantilasyon, ak laboratwa Lè Kondisyone. Kolèj la pral ofri aprantisaj pratik ki nesese pou sipòte enstalasyon, antretyen, reparasyon, kalibrasyon ak depanaj sistèm ki gen ladan kontwòl ak rezo machin-a-machin. Gwo ouvèti DCC a kowenside ak kòmansman Mwa Fabrikasyon Nasyonal la, ki mete aksan sou enpòtans sektè fabrikasyon an pou Eta New York.

"Pandan biznis tankou Micron, IBM, ak GlobalFoundries ap prepare pou pote travay teknoloji avanse nan eta nou an, Laboratwa Mekatwonik lan nan Dutchess Community College reprezante yon pati enpòtan nan efò nou pou nou fòme Nouyòkè yo pou travay alavni yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Laboratwa sa a, anplis Biwo Devlopman Mendèv Estratejik (Office of Strategic Workforce Development) ki koute 350 milyon dola nou an, pral ede nou kontinye bati yon mendèv 21èm syèk ki pare pou satisfè bezwen biznis 21èm syèk yo nan eta nou an. Yon gwo remèsiman pou patnè nou yo paske yo te fè sa vin yon reyalyte pou New York."

**Premye Dam Jill Biden, te deklare,** "Nouvo laboratwa mekatwonik sa a pral ede elèv yo jwenn konpetans yo bezwen pou biznis k ap grandi isit la – prepare yo pou karyè pou fè tout bagay soti nan ekran afichaj ak pase nan motè a reyaksyon rive nan semi-

kodiktè yo. Kòm yon pwofesè kolèj kominotè poutèt mwen, mwen kontan anpil pou wè ki jan travay sa a chanje lavi anpil moun"

**Rektè SUNY an, John B. King, Jr., te deklare,** "Soti nan teknoloji elektrik rive nan otomatizasyon chèn apwovizyonman ak plis ankò, laboratwa mekatwonik Dutchess Community College la pral bay aprantisaj pratik nan lavi reyèl pou prepare etidyan yo pou travay nan domèn k ap grandi tankou endistri semi-kodiktè a. Nou rekonesan pou patenarya ki te garanti finansman pou etablisman modèn sa a nan Envestisman Konte Dutchess ak Eta New York atravè SUNY ak Empire State Development lan. Sa a se yon opòtinite enteresan pou etidyan ak adilt k ap aprann yo pou jwenn konpetans pou travay atravè rejyon an avèk siksè."

**Prezidan Dutchess Community College la, Peter Grant Jordan, te deklare,** "Nouvo Laboratwa Mekatwonik nou an nan Fishkill se yon premye egzanp sou fason DCC ap travay pou satisfè bezwen ekonomik ak devlopman rejyon an ak eta nou an, pandan y ap ofri yon chemen pou manm kominote nou yo jwenn travay pwofitab",

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Empire State Development konsantre sou pwojè inovan ak entelijan ki pral devlope ekonomi an epi ki pral bay opòtinite pou tout Nouyòkè yo. Laboratwa Mekatwonik modèn lan ki sitiye nan nouvo Sant Ekselans pou Endistri & Inovasyon DCC a, se yon adisyon pafè nan kominote a epi li konplete anpil nouvo konpayi k ap deplase pou vini nan rejyon Mid-Hudson lan. Lè nou investè estratejikman nan devlopman mendèv, espesyalman nan fabrikasyon avanse, n ap bati yon avni ekonomik briyan pou jenerasyon k ap vini yo."

**Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare,** "Li enpòtan pou travayè devwe Hudson Valley yo gen konpetans ak resous ki nesèsè pou jwenn bon jan kalite djòb ki byen peye nan endistri manifakti avanse ki ap grandi nan New York la. Se poutèt sa mwen kontan anpil pou m selebre gran ouvèti nouvo Laboratwa Mekatwonik sa a pou ranfòse Sant Ekselans pou Endistri & Inovasyon Dutchess Community College la, pou fòme pwochèn jenerasyon travayè yo nan Konte Dutchess. Nouvo etablisman fòmasyon mendèv la se ranfòsman DCC bezwen pou ede elèv yo jwenn eksperyans pratik ki nesèsè pou ranpli travay ki gen demand yo nan Hudson Valley."

**Reprezantan Pat Ryan te deklare,** "Mwen gen de ti gason, youn gen 1 an epi youn gen 4 an. Sa mwen vle plis pase tout bagay, se mwen sèten nou tout vle plis pase tout bagay, se pou timoun nou yo gen bon travay ki byen peye ki pèmèt yo leve fanmi yo isit la nan Hudson Valley. Se avni m ap goumen pou li chak jou a, epi se yon onè pou Doktè Biden rejwenn nou, ke mwen konnen ki pataje menm misyon sa a. Mwen pral kontinye pouse pou asire chak fanmi Hudson Valley gen opòtinite pou yo reyisi."

Mekatwonik konbine disiplin yo nan sistèm mekanik lan, sistèm elektrik lan, sistèm kontwòl la, ak enfòmatis. Travay fabrikasyon yo peye 12 pousan plis nan konpansasyon pou chak èdtan pase travayè konparab yo ki touche nan rès sektè prive a epi mekatwonik ap parèt byen vit kòm disiplin ki gen plis demann nan domèn li an. DCC te

fè patenarya ak konpayi tankou OnSemi, eMagin, ak MPI pou devlope kreyasyon kourikoulòm nan epi yo pral patisipe nan òf nan pwogram diplòm Asosye an Syans Aplike (Associates of Applied Science, AAS) nan Teknoloji Elektrik ak fòmasyon teknik. DCC ap planifye pou elaji pwogram pou elèv lekòl entèmedyè ak segondè yo, ak elèv k ap patisipe nan pwogram BOCES yo.

Pou sipòte pwojè sa a, Empire State Development te bay yon sibvansyon kapital 435,000 dola bay Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) Mid-Hudson lan pou rekòmande pou konstriksyon ak renovasyon ak pou achte ekipman ki gen rapò ak yo.

**Ko-prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Mid-Hudson lan, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Konsèy Biznis nan Westchester (The Business Council of Westchester) Doktè Marsha Gordon, ak Doktè Kristine Young, Prezidan SUNY Orange lan, te deklare,** "Kòm yon sant pou edikasyon devlopman mendèv ak inovasyon, nou ap investi stratejikman nan konstwi yon filyè talan kalifye pou ranpli travay ak bezwen fabrikasyon yo nan rejyon Mid-Hudson lan. Nou fyè dèske Laboratwa Mekatwonik modèn sa a nan Dutchess Community College inik nan zòn nan, epi nou gen konfyans DCC pral kontinye alimante ekonomi rejyonal la atravè fòmasyon mendèv demen an."

**Senatè Eta, Rob Rolison, te deklare,** "Investisman estratejik sa a pral kreye djòb, bay kwasans ekonomik, epi ranfòse pozisyon Hudson Valley kòm yon lidè nan fabrikasyon avanse nan 21èm syèk la. Mwen aplodi Gouvènè Hochul ak ESD pou angajman yo pou ankouraje teknoloji emèjan yo ak fòmasyon mendèv."

**Manm Asanble Anil Beephan, te deklare,** "Mwen onore pou m kanpe ansanm ak Gouvènè Kathy Hochul nan komemore inogirasyon laboratwa mekatwonik dènye kri Dutchess Community College la. DCC rete devan inovasyon edikatif, k ap ankouraje yon nouvo epòk aprantisaj atravè eksperyans pratik ki bay elèv nou yo pouvwa epi prepare yo pou yon avni k ap pwospere nan mendèv la."

**Kad Egzekitif Konte Dutchess la, William F.X. O'Neil, te deklare,** "Sa a se yon gwo jou pou Konte Dutchess ak avni travay nan kominote nou an. Konte Dutchess fyè dèske li te investi 1.2 milyon dola nan laboratwa mekatwonik sa a, ki se dènye patenarya nou ak Dutchess Community College. Dutchess County rete angaje l pou l investi nan rezidan nou yo ak nan ekonomi lokal nou an, epi Laboratwa Mekatwonik sa a pral ede asire yon mendèv lokal kalifye ki pare pou bezwen k ap evolye yo nan endistri fabrikasyon an. Bati konpetans ki ede rezidan nou yo jwenn djòb ki byen peye pral gen enpak dirab pou rezidan nou yo ak sou kominote nou an pou plizyè deseni k ap vini yo. Nou felisite Dutchess Community College pou nouvo etablisman estrawòdinè sa a, epi nou pa a tann pou nou retrase istwa siksè lokal ki pral kòmanse isit la."

**Sipèvizè vil Fishkill la, Ozzy Albra, te deklare,** "Vil Fishkill te onore pou akeyi Premye Dam Etazini an jodi a, pou selebre avni jèn nou yo atravè edikasyon pratik nan DCC

nan Fishkill. Fishkill fyè de kokenn relasyon li genyen ak Konte Dutchess ak Dutchess Community College."

**Harold King, Prezidan Asosyasyon Fabrikan pou Hudson Valley, ak Konsèy Endistri, te deklare,** "Laboratwa sa a se yon resous formidab pou fabrikan yo ak lòt anplwayè endistriyèl yo nan tout rejyon Mid-Hudson lan. Yo te chwazi ekipman ak kourikoulòm lan ak opinyon fabrikan lokal yo. Pwogram DCC yo pral ede patwon yo amelyore konpetans travayè aktyèl yo epi konstwi yon filyè talan ki enpòtan anpil pou kwasans ak ekspansyon sektè fabrikasyon an."

**Direktè Egzekitif Jeneral Think Dutchess Alliance for Business lan, Sarah Lee, te deklare,** "Konte Dutchess ak rejyon Mid-Hudson lan gen yon baz solid nan fabrikasyon avanse, rejyon nou an bezwen travayè kalifye epi mwen kontan Dutchess Community College ap pran devan nan bay bon jan kalite edikasyon ak chemen altènatif pou bon jan kalite travay ak karyè."

**Asistan Chèf Egzekitif Konte a, Ronald Hicks, te deklare,** "Konte Dutchess kontinye rete youn nan tèt nan devlopman ekonomik ak mendèv la pou satisfè bezwen aktyèl ak pwochen biznis nou yo, an menm tan l ap bay konpetans pou mendèv rejyonal nou an pou garanti djòb ki gen gwo salè ak nouvo opòtinite. Nou rekonesan anvè DCC pou patenarya yo, epi nou rekonesan anvè Lejislati Konte a pou sipò solid yo ak investisman yo nan filyè pwojè travay nou yo."

Dapre Asosyasyon Fabrikan Nasyonal (National Association of Manufacturers) yo, fabrikasyon jenere plis pase 75 milya dolanan pwodiksyon epi li anplwaye plis pase 400,000 moun nan Eta New York ak yon konpansasyon mwayèn anyèl ki depase 87,000 dola. Eta New York se sèl eta nòdès nan "Top 10" eta yo ki relokalize djòb fabrikasyon epi li se pi gwo pwodiktè ekipman transpò tren nan nasyon an. Gouvènè Hochul te kreye tou lejislasyon Green CHIPS k ap mennen nan peyi a ki te enpòtan anpil pou atire pwojè transfòmasyon 100 milya dola Micron an nan New York Santral, ki pral fabrike pwochen jenerasyon pis memwa yo epi yo prevwa pote 50,000 dola nan Rejyon Nò Eta New York.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)